Impact Factor: 9.2 ISSN-L: 2544-980X

# Немис, Өзбек Ҳәм Қарақалпақ Тиллеринде Дәнекерсиз Қоспа Гәплер

***Мамутова Улмекен Усайновна*** [1]

**Аннотация:** Мақалада немис,өзбек ҳәм қарақалпақ тиллериндеги дәнекерсиз қоспа гәплер салыстырмалы үйренилген. Дәнекерсиз қоспа гәплерди өз алдына топарға ажыратыў олардың лингвистикалық тәбиятын ҳәм мазмунын еле де толық ашыўға жәрдем береди.

**Таяныш сөзлер:** Синтаксис, қоспа гәп, дәнекерсиз қоспа гәп, типология, салыстырмалы.

Дәнекерсиз қоспа гәплерди типологиялық изертлеўдиң ең әҳмийетли нәтийжеси, ҳәр бир тилдиң өзине тән өзгешеликлерин есапқа алған ҳалда, усы өзгешеликлерди тек билдириў, аңлатыў қураллары дәрежесинде емес, ал семантикалық ҳәм функционал дәрежелерде де үйрениў зәрүр екенлигиниң тән алыныўы болып табылады.

Мәмлекетимиз өз ғәрезсизлигине ерискеннен кейинги жыллар даўамында түркий тил билими, соның ишинде қарақалпақ тил билиминде синтаксис мәселелерине де айырықша итибар қаратылмақта. Бул тек синтаксислик теорияның өзиниң жедел раўажланыўына ғана емес, ал текст лингвистикасына, коммуникация теориясына қатнаслы көп санлы тил қубылысларын синтаксиске байланыслы көрип шығыўға, оларды жаңаша көзқарастан баҳалаўға жәрдем береди.

Алдынғы ўақытлары бир тиллер топарына тийисли, келип шығыўы бойынша бир-бирине жақын тиллер салыстырмалы түрде үйренилген болса ал соңғы жыллары ҳәр қыйлы системадағы тиллерди салыстырмалы үйрениў кең көлемде раўажланып кетти.

Тиллерди салыстырмалы изертлеўдиң әҳмийети туўралы көплеген илимпазлар өзлериниң баҳалы пикирлерин билдирген, солардан бири Л.В. Шерба былай деп жазады: «Салыстырыўлар тийкарындағы бир тилдиң екинши бир тил менен қарсыласыўы, ҳәр қыйлы тиллердеги бир ойды, пикирди ҳәр қыйлы етип айтыўдың өзи адамды пикир ҳәм сезимин билинер билинбес өзгешелигине ықлас қойдырады» [1, 54].

Кейинги жыллары ҳәр қыйлы системадағы тиллерди салыстырмалы үйрениў тараўында бир қанша жаңа илимий мийнетлер пайда болды. Академик В.В. Виноградов та тиллерди салыстырып изертлеўдиң зәрүр екенлигин, оның әҳмийетин атап өтти. «Туўысқан, жақын тиллерди тарийхый-салыстырмалы үйрениў менен бирге, ҳәр қыйлы системадағы тиллерди теңлестирмели ямаса салыстырмалы үйрениўге болады ҳәм оларды усылай үйрениў керек» [2, 97] деп жазған еди.

Биз бул мақаламызда өзбек, қарақалпақ ҳәм немис тиллериндеги қоспа гәплер, олардың классификацияланыўы, қолланылыўы ҳәм олардың уқсас тәреплери, сондай-ақ айырмашылықлары туўралы сөз етпекшимиз. Қарақалпақ тили келип шығыўы бойынша агглюнатив-түркий тиллер топарына жатса, немис тили флектив-герман тиллер топарына тийисли. Қоспа гәп түсиниги дүньядағы көпшилик тиллерде ушырасады. Бирақ оның түрлеринде жасалыўында, классификациясында, изертлениўинде парық бар.

Немис тилиндеги қоспа гәплер, олардың түрлери ҳаққында А. Қурбанбаевтың «Немис ҳәм қарақалпақ тиллериниң салыстырмалы грамматикасы» деген мийнетинде: Қоспа гәп деп еки ямаса оннан да көп жай гәплердиң түрли грамматикалық қураллар арқалы байланысыўынан

[1] Өзбекстан Республикасы Илимлер академиясы Қарақалпақстан бөлими, Қарақалпақ гуманитар илимлер илим-изертлеў институты, Нөкис қаласы

дүзилип, мәнилик, грамматикалық ҳәм интонациялық жақтан пүтин бир бирликти тәмийинлеўши конструкцияға айтамыз [3, 154]. Немис тилинде қоспа гәплер дизбекли қоспа гәп (Die Satzreihe) ҳәм бағыныңқылы қоспа гәплер (Das Satzgefuge) болып екиге бөлинеди.

Е. Дәўенов, М. Дәўлетовтың авторлығында «Ҳәзирги қарақалпақ әдебий тилиниң грамматикасы. Синтаксис» [4, 393] деген мийнетинде қарақалпақ тилиндеги қоспа гәплер дизбекли ҳәм бағыныңқылы қоспа гәплер болып екиге бөлинеди. Жоқарыда көрсетилгениндей немис ҳәм қарақалпақ тиллеринде де қоспа гәплерди екиге бөлип үйренген.

Жақын ўақытларға шекем илимий мийнетлерде, сабақлықларда қоспа гәпти еки түрге бөлип үйренди.

Қоспа гәптиң үш бөлимли классификациясы рус тили билиминде XX әсирдиң 50-жылларынан Н.С.Поспеловтың мийнетинде көрсетиледи. Автор дәнекерсиз байланыста дүзилген қоспа гәплерди дизбеклиниң де, бағыныңқылының да қурамына кирмейтуғын қоспа гәптиң айрықша структура-семантикалық бир түри деп есаплайды. Усы дәўирге шекем қоспа гәплер синтаксисинде қәлиплескен структуралық, семантикалық бағдар соңғы он жыллықта беккемленди ҳәм сол бойынша грамматикалық қубылыста структуралық ҳәм семантикалық (мазмунлық) тәреплери биргеликте есапқа алынып, дәнекерсиз қоспа гәплерди өз алдына қоспа гәптиң бир түри сыпатында үйрениўимиз керек деген түсиниклер пайда болды [5, 338-351].

А. Қурбанбаев немис тилинде дәнекерсиз қоспа гәплерди дизбекли қоспа гәптиң қурамында көрип шығады, яғный дизбекли қоспа гәп қурамындағы гәплер бир-бири менен белгили бир грамматикалық қураллар арқалы байланысады.Оларды байланыстырыўшы қураллар болса ҳәр түрли болады. Усыған қарай немис тилинде де, сондай-ақ қарақалпақ тилинде де 1) дәнекерсиз қоспа гәп (die konjunktionsiose Satzreihe), 2) дәнекерли қоспа гәп (die konjunktionale Satzreihe) деп екиге бөлинеди [3, 156].

Өзбек тил билиминде қоспа гәптиң үш түрли классификациясы «Ҳозирги ўзбек адабий тили. Синтаксис» мийнетинде көрсетиледи: «Ўзбек тилида қўшма гапнинг яна шундай кўриниши учрайдики, улар шаклан эргашган қўшма гапга ўхшаса ҳам, мазмунан боғланган қўшма гапларга яқин туради. Яъни қўшма гап таркибидаги компонентлар эргаштирувчи ёрдамчилар воситасида бирикса ҳам, қисмлар тенг ҳуқуқлидай кўринади. Баъзан ўзбек тилида ҳам эргаштирувчи ёрдамчилар, ҳам тенг боғловчилар воситасида бириккан қўшма гаплар учрайди. Бу эса қўшма гапнинг яна бошқа бир тури мавжуд эканлигидан далолат беради» [6, 198].

Р.Р.Сайфуллаеваның «Ҳозирги ўзбек тилида қўшма гапларнинг субстанционал (зотий) талқини» атлы монографиясында өзбек тили синтаксисинде қоспа гәплер үш түрге бөлип көрсетилген. Автор «қоспа гәп бөлеклериниң биригиў усылына тийкарланып дүзилген болса, компонентлери бир ўақыттың өзинде ҳәм тең, ҳәм бағыныңқы дәнекерлер жәрдеминде бириккен қоспа гәплер қайсы түрине киреди? Не ушын баянлаўышлары ҳәр түрли грамматикалық формаларда болып, бас гәпке дәнекерлерсиз байланысқан конструкциялар бағыныңқылы қоспа гәплер делинеди? Еки бөлимли қоспа гәплердиң еки предикатив бирликтиң мазмун ҳәм интонациясына қарай байланысынан дүзилген түри тийкарға алынады да, тек интонация жәрдеминде байланысқан қоспа гәплерге әҳмийет берилмейди", – деген пикирди билдирип, дәнекерсиз қоспа гәплерди мазмуны жағынан қоспа гәптиң айрықша түри сыпатында ажыратқан мақул деп табады [7].

Ал, қарақалпақ тилиндеги дәнекерсиз қоспа гәплердиң дүзилиси, семантикасы ҳәм стиллик қолланылыў мәселелери усы күнге шекем арнаўлы изертлеў объекти болмаған. Ҳәзирги қарақалпақ тилиниң синтаксиси бойынша илимий мийнетлерде, грамматикалар менен сабақлықларда тилимизде елеўли орны бар дәнекерсиз қоспа гәплер өз алдына категория ретинде жақын ўақытларға шекем системалы түрде үйренилместен, бағыныңқылы ҳәм дизбекли қоспа гәплер қурамында солардың дәнекерсиз түри ретинде қаралып келди. Олардың базыбир өзгешеликлери Н.А.Баскаков, Е.Дәўенов, М.Дәўлетов, А.Бекбергенов, ҳәм т.б. илимпазлардың мийнетлеринде, сондай-ақ жоқарғы оқыў орынлары ушын сабақлықларда, оқыў қолланбаларында сәўлеленди.

Қарақалпақ тилиндеги дәнекерсиз қоспа гәплерди өз алдына категория сыпатында үйрениўге М.Дәўлетов тийкар салды. Ол “Ҳәзирги қарақалпақ әдебий тили. Синтаксис” деп аталған сабақлығында дәнекерсиз қоспа гәплерди өз алдына қоспа гәптиң айрықша структура-семантикалық түри сыпатында үйренеди [8, 169]. Автор «Дәнекерсиз қоспа гәплер дизбекли ҳәм бағыныңқылы қоспа гәплерден қурамындағы жай гәплердиң дәнекерсиз ҳәм дәнекерлик хызметтеги сөзлердиң қатнасысыз, мәнилик интонация арқалы байланысыўы менен айырылып турады» деп көрсетеди.

Жуўмақлап айтқанда, дәнекерсиз қоспа гәплер бойынша заманагөй концепциялардың анализлери олардың ҳәр қыйлылығын тастыйықлайды ҳәм бундай ҳәр қыйлылық олардың еле де тереңирек үйренилиўин талап етеди. Биз қарақалпақ тилинде дәнекерсиз қоспа гәплерди өз алдына қоспа гәплердиң структура-семантикалық түри деп ажыратыўды мақул көремиз. Бираз жағдайларда дәнекерсиз қоспа гәплердиң ҳәр қыйлылығы соншелли, биз оларды я дизбекли қоспа гәп, я бағынынқылы қоспа гәп деп классификациялай алмаймыз. Себеби айырым жағдайларда бундай гәплер компонентлери арасындағы мәнилик байланыслар ҳәр қыйлы болып, я бағыныңқылы қоспа гәпке ямаса дизбекли қоспа гәпке қатнаслы екенлигин ажыратыў аңсат болмайды. Деген менен, компонентлер арасында дәнекерлердиң жоқлығы, структуралық өзгешелиги көзқарасынан бундай гәплерди өз алдына структуралық-семантикалық түрге ажыратыў мәселелерин шешиў қарақалпақ тил билиминдеги әҳмийетли мәселелердиң бири болып есапланады.

**Әдебиятлар**

1. Щерба Л.В. Избранные работы по русскому языку. Ленинград, 1957.
2. Виноградов В.В. Избранные труды по лексикологии и лексикографии. М., 1997.
3. Курбанбаев А. Немис ҳәм қарақалпақ тиллеринин салыстырмалы грамматикасы. Нөкис, 1992.
4. Дәўенов Е., Дәўлетов М. Ҳәзирги қарақалпақ әдебий тилиниң грамматикасы. Нөкис, 1992.
5. Поспелов Н.С. О грамматической природе и принципах классификации бессоюзных сложных предложений // Вопросы синтаксиса современного русского языка. М., 1950.
6. Ғуломов А.Ғ, Асқарова А.М. Ҳозирги ўзбек адабий тили. Синтаксис. – Тошкент, 1965.
7. Сайфуллаева Р.Р. Ҳозирги ўзбек тилида қўшма гапларнинг субстанционал (зотий) талқини. – Тошкент, 2007.
8. Dáwletov A, Dáwletov M, Qudaybergenov M. Házirgi qaraqalpaq ádebiy tili. Sintaksis. Nókis: Bilim, 2009.